



Pou Piblikasyon Imedya: 14/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON KONTRA POU LIVRE ELEKTRISITE PWÒP, RENOUVLAB NAN VIL NEW YORK

*Pi gwo pwojè enèji renouvlab ak transmisyon nan Eta New York depi 50 an*

*Pwojè sa yo ap bay jiska 5.8 milya dola benefis nan tout eta a ki enkli rediksyon gaz efè sèr ak amelyorasyon kalite lè yo epi diminye pwodiksyon elektrisite pa konbistib fosil a plis pase 50 pousan an 2030*

*Yo pral kreye 10,000 bon jan kalite djòb ak 8.2 milya dola nan devlopman ekonomik atravè eta a enkli investisman nan kominote ki defavorize yo*

*Akselere pwogrè pou atenn objektif New York la pou rive nan 70 pousan elektrisite nan tout eta a ki soti nan sous renouvlab yo an 2030, sou wout pou yon rezo zewo emisyon*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse, anvan Semèn Latè a, ke Komisyon Sèvis Piblik Eta a (State Public Service Commission) te apwouve kontra avèk Clean Path New York LLC pou pwojè Clean Path NY (CPNY) li a ak H.Q. Energy Services Inc. (HQUS) pou pwojè Champlain Hudson Power Express (CHPE) li a pou livre enèji solè, ewolyèn ak idwo-elektrik pwòp, renouvlab, soti nan rejyon nò New York ak Kanada rive nan Vil New York. Semèn Latè a, ki ane sa ap fèt soti 18-22 avril, selebre avèk evènman toupatou nan mond lan pou sipòte anviwònman an epi sansibilize pou pwoteksyon anviwònman an ak swen planèt nou an.

"New York kontinye lidè nan peyi a ak inisyativ enèji vèt inovan yo epi li se yon egzanp pou rès mond lan sou kijan pou konfwonte peril chanjman klimatik yo, menas egzistansyèl epòk nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Desizyon jodi a se yon gwo pa annavan pou reyalize objektif Eta New York pou rive nan 70 pousan enèji nou ki soti nan resous renouvlab yo, pandan l ap fè wout pou plizyè milye djòb bon kalite, k ap favorize plizyè milya nan aktivite ekonomik, k ap diminye depandans nou de konbistib fosil, epi entwodui yon New York ki pi pwòp, pi ekolojik pou tout moun."

Premye pwojè enèji renouvlab ak transmisyon inik eta a nan kalite sa prevwa bay jiska 5.8 milya dola benefis jeneral pou sosyete a nan tout eta a, ki enkli rediksyon gaz ki lakòz efè sèr ak amelyorasyon kalite lè a, ak 8.2 milya dola nan devlopman ekonomik

atravè eta a, ki enkli investisman nan kominote ki defavorize yo. Anplis, lè nou konstui pwojè konsa, sa ap ede pwoteje kont varyasyon pri konbistib fosil ki volatil yo epi estabilize depans enèji alontèm.

Antanke pi gwo pwojè transmisyon sou kontra pou Eta New York nan 50 dènye ane yo, pwojè sa yo ap diminye depandans eta a sou gaz fosil pou pwodiksyon ki alimante pa gaz a plis pase 50 pousan an 2030. Anons jodi a akselere pwogrè pou depase objektif Eta New York pou 70 pousan elektrisite eta soti nan sous renouvlab yo dis 2030 sou wout pou yon rezo zewo emisyon jan sa endike nan Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) dis 2040.

Desizyon jodi a vin ranfòse pa konfimasyon Vil New York ke l ap patisipe nan rekonpans istorik sa yo, lè li dakò pou achte yon pòsyon nan resous renouvlab ke de pwojè sa yo ap jenere, kidonk k ap ede rann echèl pwojè sa yo posib pandan y ap kreye opòtinite pou redwi enpak sou pri pwojè sa yo pou apeprè 1.7 milya dola pou tout lòt kontribyab yo. Biwo Sèvis Jeneral Eta NY yo te angaje tou pou antre nan yon kontra ak Otorite Rechèch ak Devlopman sou Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou REC Tier 4 ki asosye ak enèji ajans Eta ak depatman ki sitiye nan Vil la itilize yo. NYSERDA ap ofri tou resous renouvlab nan pwojè sa yo pou acha volontè, sa k ap finalman pèmèt anpil òganizasyon Vil Nouyòk ki enterese pou fè tranzisyon vè enèji pwòp, men ki pa kapab fè sa sou plas akòz kontrent pratik, pou pase nan san pousan enèji renouvlab avèk konfyans. Angajman gouvènman yo ak lòt acha posib sektè prive yo prevwa diminye enpak sou sèvis piblik kontribyab nan tout eta a anpil lè yo mete anplas pwogram CLCPA ak Tier 4 yo.

Kòmmand PSC oktòb 2020 an te adopte yon pwogram Tier 4 nan kad Règ sou Enèji Pwòp PSC a ki gen objektif pou ogmante penetrasyon enèji renouvlab yo nan Vil New York, epi ki mande NYSERDA pou fè yon demann Tier 4. An janvyè 2021, NYSERDA te pibliye yon demann pou enèji renouvlab, ke yo rekonèt kòm Nivo 4, k ap chèche pwojè ki kapab founi enèji renouvlab yon fason ki rantab ak responsab nan Vil New York, yon zòn nan eta a ki depann de pwodiksyon ki alimante pa gaz fosil ki ansyen. Yo prevwa pou pwojè yo chwazi bay 18 milyon megawat enèji pwòp chak èdtan pa ane, oswa plis pase yon tyè nan konsomasyon elektrik anyèl Vil Nouyòk, ki soti nan yon pòtfèy pwodiksyon pwòp ki divèsifye epi fleksib ki gen ladan enèji ewolyèn nan zòn kot, enèji solè, ak enèji idwo-elektrik, ki sipòte pa estokaj enèji, ki soti nan rejyon nò New York ak Quebec. Konbine pwojè sa yo ak pòtfèy ki egziste deja nan kontra pwojè enèji ewolyèn nan zòn kot ki konekte dirèkteman nan Vil New York, tounen paj istwa enèjetik Vil la, sa k ap ogmante rezistans ak fyabilite pandan y ap amelyore kalite lè a anpil.

Ak kontra yo ki apwouve, pèman NYSERDA yo ap kòmanse pou chak pwojè respektif depi pwojè a jwenn tout pèmi ak apwobasyon ki obligatwa yo, fini konstriksyon, epi livre kouran nan Vil New York, ke yo prevwa k ap kòmanse an 2025 pou pwojè CHPE ki totalman otorize a ak an 2027 pou pwojè CPNY la.

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Se yon entap istorik kont chanjman klimatik la ak konba pou jistis anviwònmantral la. Jodi a, nou kòmanse demantle diferans nan aksè nan enèji renouvlab ki te toumanse vil nou an depi twò lontan, espesyalman kominote sa yo ki rete nan lonb kèk santral ki pi ansyen, ki fè plis polisyon nan eta a. Se pa youn, men se de nouvo liy transmisyon k ap konstui pou pote enèji pwòp, renouvlab ki soti nan nò a nan Vil New York — yon eksplwa ki pa t fèt nan nivo sa depi plizyè deseni. Mwen fyè de angajman vil la pou achte 100% nan bezwen elektrik li nan liy sa yo, k ap katalize lòt yo fè menm jan. Mwen bat bravo pou komisyon an, NYSERDA, ak Gouvènè Hochul dèske li pran mezi odasye sa epi mwen pa ka tann pou patenarya kontini ak gouvènè a pou takle chanjman klimatik la."

**Rory M. Christian, Prezidan PSC a, te deklare,** "Lidèchip klima ak enèji Gouvènè Hochul ap bay bon vizyon New York bezwen an pou kreye yon sistèm enèji ki jis, pwòp, rezistan, ak abòdab. Plan konplè ak anbisye sa a pèmèt reyalize objektif sa yo epi li pral pèmèt tout kalite enèji renouvlab ki nesese pou rive jwenn tout Nouyòkè yo. Aksyon jodi a mete objektif klima ak enèji 2030 yo nan nivo pou reyalize, pandan l ap etabli yon fondman pou atenn objektif 2040 ak 2050 yo, ki enkli zewo emisyon ki soti nan sektè elektrisite a an 2040."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Desizyon istorik jodi pa Komisyon Sèvis Piblik la se yon desizyon ki chanje jwèt la pou tranzisyon New York soti nan konbistib fosil epi ede asire ke Vil New York, vil ki pi peple nan peyi a, ap alimante ak enèji renouvlab pwòp epi ki fyab. Pwojè ki pote transfòmasyon sa yo ouvri wout pou lè ki pi pwòp ak yon avni ki pi sen pou tout Nouyòkè, espesyalman nan kominote ki touche ak polisyon lè nan fason ki pa pwopòsyonèl yo, epi l ap estimile ekonomi nan tout eta nou an ak yon investisman 8.2 milya dola nan devlopman ekonomik epi kreye plizyè milye djòb bon kalite. Nou pa ka tann pou travay ak patnè nou yo nan Clean Path NY ak Hydro Quebec pou livre benefis enpòtan sa yo pou fanmi ak biznis atravè eta a."

Kòm yon eleman nan kontra enpòtan sa yo, Hydro-Quebec ap achte elektrisite nan fèm enèji ewolyèn Apuiat ki te planifye a, ki te devlope pa kominote Innu yo nan Quebec, epi l ap antre nan yon patenarya ak Konsèy Mohawk nan Kahnawà:ke pou pwopriyete konjwen liy Quebec la ki pral konekte ak Champlain Hudson Power Express la.

Akizisyon ki reyisi NYSERDA a te lakoz yo atribye pwojè ki pote valè ki pi wo epi ki pi bon pou New York, ki enkli pwomosyon enterè kominote ki defavorize yo, k ap asire benefis ekonomik ki ogmante pou Eta a, epi fè pwomosyon devlopman mendèv. Avantaj kle ki gen nan pwojè sa yo enkli:

**Pwoteje fanmi York yo:** Pwojè yo pral bay jiska 2.8 milya dola nan avantaj sante piblik ki lakoz diminisyon ekspozisyon a polyan danjere yo - tankou evite lanmò prematire, rediksyon vizit lopital ki gen rapò ak opresyon, ak jou travay pèdi akòz maladi.

**Motè ekonomik ak kreyatè anplwa an mas:** Pwojè sa yo pral kreye apeprè 10,000 djòb pou soutni fanmi yo nan tout eta a epi pote 8.2 milya dola nan investisman

devlopman ekonomik, sa k ap ede akselere rekiperasyon ekonomik eta a anba COVID-19. Devlopè pwojè yo te angaje tou pou respekte akò sou salè ak travay pwojè yo pou asire bon jan kalite travay ki byen peye pou Nouyòkè yo.

**Investisman devlopè yo angaje nan kominote ki defavorize yo:** De pwojè yo angaje pou investi apeprè 460 milyon dola konbine nan fon avantaj kominotè yo pou kreye chemen pou travay enèji vèt, sipòte sante piblik, avanse pwojè amelyorasyon kapital, reyalize restorasyon abita ak amelyore anprent anviwòmantal bilding yo nan kominote defavorize yo.

**Pwoteksyon Anviwòmantal:** Konbine, pwojè yo prevwa redwi 77 tòn degajman gaz a efe sèr chak ane pandan 15 pwochèn ane yo, sa ki se ekivalan si yo ta retire yon milyon machin sou wout yo nan peryòd tan sa a.

**Rentab:** Kontra Tier 4 ki apwouve yo konbine ap abouti sou benefis enpòtan pou sosyete a pou jiska 5.8 milya dola. Kontra yo enkli yon estrikti endis REC pou ede pwoteje kliyan yo kont ogmantasyon pri enèji pou lè pri elektrisite a monte pri pwogram Tier 4 yo desann. Enpak bòdwo mwayen nan tout eta a pou kliyan rezidansyèl jeneral la ap apeprè 3 pousan, oswa 3 dola pa mwa nan kòmansman lè pwojè a nan operasyon.

Anplis de sa, nouvo liy transmisyon anba tè sa yo pral evite, minimize ak diminye domaj nan anviwòmman an, ki gen ladan enpak sou espès sansib ak abita yo epi y ap rezistan fas ak move tan ekstrèm yo. Tou de pwojè yo oblije pase nan pwosesis otorizasyon Atik VII PSC a, ki gen ladann yon revizyon konplè sou nesosite pou pwojè a ak nenpòt enpak anviwòmantal nan sit, konsepsyon, konstriksyon, ak operasyon gwo enstalasyon transmisyon nan Eta New York. CHPE te resevwa pèmi Atik VII li a, epi CPNY ap kòmanse pwosesis li a.

Pwojè CPNY ak CHPE yo pral ajoute sou filyè solid enèji renouvlab a gran echèl New York la, ki gen ladan prèske 100 pwojè solè, pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak pwojè ewolyèn ki baze sou tè ki totalize prèske 11,000 megawat kouran pwòp—sa ki ase pou alimante plis pase senk milyon kay nan New York lè li fini.

Angajman Eta a pou konstwi nouvo transmisyon enèji vèt, ki te dirije pa 402 km nouvo amelyorasyon majè ki deja sou pye nan tout Eta a epi ranfòse pa rekonpans sa a, pral pèmèt filyè aktyèl enèji renouvlab yo alimante plis pase 60 pousan elektrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo yon fwa ke li an fonksyon.

## **Plan Klima Lidè nan Peyi a**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Adopte nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou chimen pou l akonpli objektif li pou yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon disi 2040, ki gen ladan l 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab disi

2030 epi atenn netralite nan kabòn. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a dis 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji Eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)